

AVI KONSÈNAN PWOPOZISYON REZOLISYON ALAMYAB POU YON REKOU KOLEKTIF

1. Èske w abite nan Vil New York?
2. Èske ou te resevwa avantaj lajan kach, oswa ou kalifye pou resevwa avantaj lajan kach nan Pwogram Èd Fanmi (Family Assistance Program) lan?

Si ou te reponn Wi pou Kesyon 1 AK 2, yon pwopozisyon rezolisyon alamyab pou yon rekou kolektif kapab afekte ou. Tanpri li tout avi sa a pou w ka konnen detay yo.

Kisa Dosye sa a Konsène?

Yo te rive jwenn yon antant pou yon plent yon gwoup te depoze kont Manm Komisyon Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance (“**OTDA**”)) nan Eta New York. Plent sa a te deklare OTDA pa te respekte Lwa Konsènan Sèvis Sosyal New York (New York Social Services Law) paske li pa te ofri asistans ak lwaye bay fanmi ki abite nan Vil New York yo ki ase pou kouvri depans lwaye rezonab nan Vil New York. Plent la rele *Daniela Tejada et al. v. Samuel Roberts*, Anèks Nimewo 453245/2015. Dosye a ap tann desizyon Lakou Siprèm Eta New York. Pati yo te soumèt akò pou rezolisyon alamyab la bay Tribinal la pou li ka apwouve li.

Kimoun Antant sa a Afekte?

Tribinal la te sètifye ak kondisyon yon gwoup ki defini kòm “tout moun ki rete nan Vil New York ki resevwa oswa ki kalifye pou resevwa avantaj nan Family Assistance Program” (“**Manm Gwoup la**”).

Hughes Hubbard & Reed LLP ak The Legal Aid Society reprezante Manm Gwoup la.

Ki Kondisyon Antant sa a Genyen?

Antant la pral dire yon peryòd senk (5) lane, k ap kòmanse apre Tribinal la apwouve antant la. Men kondisyon kle ki nan pwopozisyon antant la:

1. Montan sipleman pou lwaye ki disponib pou anpeche yo mete moun deyò oswa yo vin sanzabri pral monte.
2. Maksimòm lwaye yon Manm Gwoup la kapab genyen chak mwa pou li kalifye pou sipleman pou anpeche yo mete li deyò oswa li vin sanzabri pral monte tou.
3. Manm Gwoup la ki pa gen revni ki resevwa sipleman pou anpeche yo mete yo deyò oswa vin sanzabri pa pral bezwen peye lajan anplis pou lwaye yo. Manm Gwoup la ki gen revni epi ki resevwa sipleman lwaye sa yo pral toujou kontribye yon pati nan revni yo (jisaka 30% revni yo nan sèten ka).
4. Montan sipleman lwaye pou anpeche yo mete yon moun deyò oswa vin sanzabri ak maksimòm lwaye chak mwa yon Manm Gwoup la kapab genyen epi toujou resevwa sipleman sa yo kapab monte pi devan.

5. Manm Gwoup la ki se viktim vyolans nan kay epi ki bezwen jwenn nouvo apatman kapab resevwa sipleman lwaye pou ede yo fè sa.
6. Manm Gwoup la non yo pa nan kontra lwaye apatman yo epi ki nan demach pou yo mete yo deyò kapab resevwa èd pou peye lwaye yo dwe.
7. Lajan lwaye yon Manm Gwoup la dwe li kapab resevwa pou anpeche yo mete li deyò pral monte.
8. Tout Manm Gwoup la pral renonse tout reklamasyon yo nan plent sa a, ak nenpòt lòt kalite reklamasyon konsa yo genyen kont Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration) nan Vil New York, pandan senk (5) lane. Sa vle di okenn Manm Gwoup la kapab pote yon lòt plent sou “montan” asistans lwaye ki disponib pou yo pou senk (5) lane.

Men kijan pou ou Konteste Rezolisyon Alamyab sa a

Antant sa a poko final. Si Tribinal la apwouve li, tout manm Gwoup la pral oblije respekte kondisyon ki nan antant la. Si ou se yon Manm Gwoup la, ou gen dwa konteste si ou santi li pa jis, pa rezonab, oswa si li pa ase.

Pou konteste antant sa a, oumenm ansanm ak avoka k ap reprezante gwoup la dwe voye yon lèt bay tribinal la ki genyen ladan: (i) non, adrès, ak nimewo telefòn ou, (ii) yon deklarasyon ki di poukisa ou konteste antant la, ak (iii) nenpòt dokiman oswa lòt prèv ou ta renmen Tribinal la konsidere. **Dat ki make sou anvlòp lèt la pa sipoze pi ta pase 11 out 2017 epi ou dwe voye li nan toude adrès sa a:**

The Clerk of the Court
New York County
Attn: *Daniela Tejada et al. v. Samuel Roberts*
60 Centre Street, Room 161
New York, NY 10007

Theodore V.H. Mayer
Fara Tabatabai
Hughes Hubbard & Reed LLP
One Battery Park Plaza
New York, NY 10004

Tribinal la pral fè yon odyans 8 septanm 2017 a 10:30 AM pou deside si antant la jis. Odyans la ap fèt devan Onorab Jij Jennifer G. Schechter nan adrès sa a:

Supreme Court of the State of New York
111 Centre Street, Room 623
New York, NY 10013

Pou Jwenn Plis Enfòmasyon

Pou jwenn yon kopi pwopozisyon akò sou antant la oswa pou jwenn plis enfòmasyon konsènan antant la, tanpri al gade nan <http://bit.do/fepssettlement> oswa rele Avoka Manm Gwoup la nan 844-400-4538.